

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panlungtikan

Karya sastra teu bisa leupas jeung kahirupan manusa. Isnéndés (2010, kc. 10) nétélakeun yén biasana eusi karya sastra téh mangrupa hasil pangalaman sarta imajinasi ti pangarangna. Karya sastra diwujudkeun dina wangun tulisan atawa lisan, gumantung kumaha kréativitas jeung implengan batin pangarangna anu dumasar kana pangalaman dina kahirupan sosialna. Salian ti éta, Semi (2012, kc. 1) nétélakeun yén ayana sastra disababkeun ku ayana rojongan tina diri manusa pikeun ngébréhkeun jati diri, ayana minat kana masalah-masalah nu karandapan, jeung ayana minat kana réalita nu lumangsung dina unggal jaman.

Salasahiji wangun sastra nyaéta carita atawa naskah drama. Nurutkeun Koswara (2010, kc. 115) drama téh mangrupa karya sastra nu ngungkapkeun carita ngaliwatan dialog-dialog tokohna. Isnéndés (2010, kc. 75) ogé nétélakeun yén drama nyaéta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama. Cindekna, drama nyaéta hasil karya sastra nu ngagambarkeun kaayaan manusa dina wangun dialog jeung akting, nu dilakonkeun ku aktor dina pagelaran. Aya dua papasingan drama, nyaéta tradisional jeung modéren. Drama tradisional téh wangun téatér nu dihasilkeun tina masarakat étnik, sedengkeun drama modéren nyaéta wangun téatér nu dumasar kana tradisi tulis, minangka hasil budaya bangsa Indonesia sanggeus pataréma jeung budaya kulon atawa barat (Isnéndés, 2010, kc. 75).

Kalungguhan naskah drama minangka karya sastra, sarua jeung prosa sarta puisi, nyaéta pikeun diaprésiasi. Aprésiasi hakékatna pikeun ngajén éta karya sastra dumasar kana pamarekan nu digunakeunna. Ieu hal luyu jeung pamadegan Koswara (2013, kc. 20) yén ngulik karya sastra téh gumantung kana pamarekan nu rek digunakeunna. Nurutkeun Abrams (dina Koswara, 2013, kc. 12) aya sababaraha pamarekan dina karya sastra nyaéta, 1) kritik mimétik, nu napak kana sawangan yén karya sastra mangrupa hiji titiron atawa gambaran dunya jeung kahirupan manusa, 2)

kritik pragmatik, nyaéta kritik nu disusun pikeun ngahontal tujuan nu tangtu keur nu macana, 3) kritik éksprésif, nyaéta kritik anu nandeskeun talaahna kana kaparigelan pangarang dina ngamalirkeun gagasanna, 4) kritik objéktif, nyaéta kritik sastra anu dumasar kana sawangan yén karya sastra saéstuna mangrupa karya nu mandiri, boga dunya sorangan.

Drama, sarua jeung prosa sarta puisi, mangrupa karya sastra nu teu bisa leupas tina struktur atawa unsur pangwangunna. Ku kituna, salasihiji cara ngaaprésiasi drama bisa ku cara ngaanalisis struktur atawa unsur pangwangunna. Koswara (2013, kc .13) nétélakeun yén sacara étimologis strukturalisme asal kecapna tina “struktur” hartina nyaéta ayana hubungan anu tetep antara kelompok- kelompok gejala atawa unsur, éta hubungan téh digelar ku panalungtik tina hasil pangamatan. Nurgiyantoro (2012, kc. 36) nétélakeun yén kajian struktural téh mangrupa salasihiji pamarekan kasusastraan anu museur kana kajian hubungan antar unsur pangwangun karya sastra. Nurutkeun Stanton (2012, kc. 20) unsur-unsur pangwangun karya sastra nyaéta téma, fakta, carita, jeung sarana carita. Anapon unsur naskah drama, sakumaha nu ditétélakeun ku Isnéndés (2016, kc. 34-35) aya salapan unsur, nyaéta prolog, dialog, adegan, babak, episode, wawancang, *solilokui*, *aside*, jeung epilog.

Politik, sarua jeung sastra, teu bisa leupas jeung kahirupan manusa, hususna dina kahirupan masarakat jeung nagara. Syafiie jeung Azhari (2006, kc. 6), nétélakeun yén istilah politik asalna tina kecap *polis* nu hartina nagara kota. Ku ayana politik hartina aya hubungan husus antara manusa nu hirup babarengan, dina hubungan éta muncul ayana aturan, nyaéta kawenangan, kalakuan pajabat, legalitas kaabsahan, jeung kakawasaan. Nurutkeun Marbun (2002, kc. 445), politik ngawengku kabijaksanaan atawa tindakan pikeun merenahkeun bagéan tina urusan kanagaraan/pamaréntahan, kaasup nu patali jeung penetapan bentuk, pancén, jeung lingkup urusan nagara. Anapon nurutkeun Krisna (1993, kc. 129), politik mangrupa kagiatan nu patali jeung prosés nangtukeun jeung ngalaksanakeun udagan-udagan dina sistem politik kalawan ngalakukeun seléksi antara sababaraha pilihan jeung nyusun skala prioritas tina udagan nu tos dipilih téa. Prosés politik dilengkepan ku kakawasaan (*power*), otoritas nu digunakeun pikeun nangtukeun kawijakan umum jeung pikeun ngatur atawa

ngabagi sumber-sumber nu aya ngaliwatan cara boh anu sipatna persuasi atawa koérsi (paksaan).

Naskah drama anu baris ditalungtik nyaéta “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga. Ieu naskah drama medal dina taun 1969, kungsi dipentaskeun di Festival Drama Pekan Industri Jawa Barat di gedong YPK. Ieu naskah ditik ulang tahun 1994 jeung kungsi jadi naskah nu dipake ku Festival Drama Basa Sunda (FBDS) taun 2011. Ieu naskah drama nyaritakeun ngeunaan jalan kahirupan manusa dina hiji kulawarga jeung konflik batin nu nyampak antartokohna, utamana sanggeus bapana miluan jadi anggota organisasi nu dilarang, tuluy dipiceun ka Nusakambangan. Di jaman harita, pilihan politik hiji manusa bisa nangtukeun nasib lain wungkul hiji individu, tapi oge kulawargana, boh dina aspek sosial, ekonomi, atikan, jeung aspek kahirupan sejenna. Ku cara bapana miluan hiji organisasi politik nu dilarang, kulawargana nanggung sakabeh akibat nu muncul lantaran pilihan politik bapana.

Ieu naskah drama dipilih ku sabab magrupa naskah anu pinuh ku ungkara-ungkara nu ngandung ma’na, lantaran eusi caritana ngagambarkeun kahirupan jeung ngandung ajén moral. Salian ti éta, ieu naskah ogé nyaritakeun kasang tukang kahirupan politik tokohna. Ku kituna, ieu naskah miboga ajén politik nu ngirut pikeun ditalungtik. Tina sababaraha éta hal, jadi dadasar ku naon ieu naskah dipilih ku panalungtik salaku hiji tarékah pikeun numuwuhkeun karep kana miara basa katut budaya Sunda.

Panalungtikan ngeunaan naskah drama basa Sunda masih kawilang langka. Luyu jeung pamadegan Dwijayanto (2015) nu nétélakeun yén naskah drama masih langka diaprésiasi sabab naskah drama di Indonesia can didokuméntasi sacara bener. Panalungtikan nu medar ngeunaan naskah drama nyaéta “Analisis Naskah Drama “Meredong” karya Rosyid E. Abby saduran tina Naskah Drama “Ke” Karya Yudhistira ANM Massardi (Ulukan Sémiotik)” nu ditalungtik ku Sanjani (2012), “Naskah Drama “Jeblog” karya Nazarudin Azhar (Tilikan Strukturalisme Genetik)” ku Yosef M. Ibrahim (2014), “Analisis Sémiotik Naskah Drama “Sadrah” karya Nazarudin Azhar” ku Yokeu Darisman (2014), “Analisis Struktur jeung Psikologi Sastra Naskah Drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita” ku

Ryan Rubi Pasha (2017) sarta “Naskah Drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama di SMA kelas XI (Ulukan Struktural jeung Sémiotik)” ku Ferdina Husdianto (2018).

Ajén Politik naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga ieu can kungsi ditalungtik sacara struktural. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Ajén Politik Naskah Drama “Nu Jaradi Korban” Karya R. Hidayat Suryalaga (Ulukan Struktural)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Kumaha tilikan struktur naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga?
- 2) Kumaha unsur carita naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga?
- 3) Kumaha ajén politik dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dilaksanakeuna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun maluruh struktur naskah drama anu ngawengku unsur pangwangun carita, unsur naskah drama, jeung ajén politik nu nyampak dina naskah drama. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa jadi sumber pikeun panalungtikan kahareupna.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- 1) maluruh struktur naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga;
- 2) maluruh unsur pangwangun carita dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga;

- 3) maluruh ajén politik nu nyampak dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis ieu panalungtikan nyaéta ngeuyeuban dunya paélmuan ngeunaan sastra, hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan naskah drama, struktural, jeung ajén politik dina karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis pikeun:

- 1) kamekaran élmu: bisa jadi sumber référénsi utamana bisa méré gambaran hususna pikeun mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda ngeunaan panalungtikan struktural;
- 2) panalungtik: bisa nambahan élmu pangaweruh;
- 3) masarakat: bisa nambahan pangaweruh sarta ngadeudeulan inf
- 4) ormasi ngeunaan struktur jeung ajén politik dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga;
- 5) pelajar/mahasiswa: bisa jadi bahan pustaka atawa rujukan pikeun panalungtikan ka hareupna;

1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngewengku lima bab, sakumaha anu diébréhkeun ieu di handap.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab dipedar ngeunaan tiori sastra, drama, struktural, ajén politik, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan. Din ieu bab diguar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Fajar Abdul Malik Al Mansur, 2022

AJEN-AJEN POLITIK DINA NASKAH DRAMA “NU JARADI KORBAN” KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dijéntrékeun ngeunaan ajén politik jeung analisis struktural dina naskah “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Saran. Dina ieu bab dipedar kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ti panyusun.